ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№121 (23.935) ● 2019 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 8, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Урысейм и пашэхэр», «ЛъагапІэщІэ» конкурсхэм щытекІуахэм, зэпеуэм и кІэух Іыхьэм нэсахэм папщІэ жэпуэгъуэм и 6-м Москва щызэхэтащ къулыкъущІэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным хуэгъэпса, «Пашэныгъэмрэ щыналъэ зыужьыныгъэмрэ» зыфІаща программэм и етІуанэ модулым хыхьэ проектхэр пхыгъэкІыным теухуа зэІущІэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Москва щызэхэтащ «Пашэныгъэмрэ щІыналъэ зыужьыныгъэмрэ» щІэныгъэ программэм и кІэух Іыхьэм хыхьэ проектхэр пхыгъэкІыным теухуа зэхуэс

А ІУЭХУР и нэІэ щІэтщ ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ Урысей академиемрэ кьеГъэщІылІуэ лажьэ къэрал унафэщІхэм я еджапІэ нэхъыщхьэм. Проектхэр зэрыпхагъэкІыр кІэлъыплъащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэм защыхуигъазэм республикэм и Унафэщ1ым къыхигъащ программэм Іэщіагъэлі зэчиифІэ куэдым я зэфІэкІхэр наІуэ къыззэрыщащІар: «Шэч кьытехьэркъым къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэ нэхъыфІхэм Іуэху и пІалъэ зыщІэ я егъэджакІуэхэм я чэнджэщхэр къулыкъущІэ ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэм икъукІэ сэбэп къаззэрыщыхуэзхъунум», - жиІащ КІуэкІуэ К. В.

КъБР-м и Іэтащхьэм и псалъэхэм дыщІигъащ щыналъэм икъукІэ кьалэн куэд къыззэрыпэщытыр икІи ахэр зыгъэззэщІэфынур щІэныгъэфІ зыбгъэдэлъ лэжьакІуэхэрауэ зэрыщытыр: «Дэ нэхъапэм зэи диІакъым щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зедгъэхъуэжьынымкІэ нобэ дгъуэта Іэмалхэм хуэдэ. Кьалэн куэд кьытпэщытщ. Нэхъыщхьэр ехъулІэныгъэ нэхъыбэ кьытхуэзыхьыну унэтІыныгъэхэр убзыхунырщ», - къыхиГъэщащ КІуэкІуэ Казбек. ЩыналъэмИ и Іэтащхьэм проектым и къызэгъэпэщакІуэхэмрэ ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ Урысей академиемрэ я унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ республикэм и унафэщІ кадрхэр гъэхьэзырыныжкІэ щІэгъэкъуэныщхуэ зэрыхъуам папщІэ.

КъБР-м щыщхэу «ЛъагапІэщІэ» конкурсым щытекІуахэм, «Урысейм и пашэхэр» кІэух зэпеуэм, хэтахэм я проектихым я презентацэ екІуэкІащ а махуэм, «Пашэныгъэмрэ щыналъэ зыужьыныгъэмрэ» щІэныгъэ программэм и кІэух модулым хыхьэу. Мурад нэхъыщхьэр - къуэр къалэнхэр кьызэфІэзыгъэкІыну Іэмалхэр зэлъэжьэгъуэхэмрэ гупым хэтхэмрэ къызэдалъыхьуэныщІ. Гупльитэ нэхъыщхьэ зыгъуэтахэм ящыщІ кьалэхэм, хьэрычэт ІэнатІэм ехьэлІа Іуэхуэхэм, электроэнергетикэм, транспорт инфраструктурэм, спортым зегъэужьыныр, щыналъэм инвестицэхэр кьыхегъэлъхьэныр, экономикэщІэм лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр къыщыззІуэхыныр. Лъэпкъ проектхэм я щІыналъэ Іыхьэхэр щагъэзащІэкІэ кьагъэсэбэпныщ къэрал къулыкъущІэхэм щІэуэ кьыхалъхьаныр я щапхъэ нэхъыфІхэр.

Зэхьихьэм и кІэм КІуэкІуэ Казбек щІэныгъэ программэм зэтехьэ яритыжащ еджэныр кьызэраухам щыхьэт техьуэ сертификатхэмрэ дэфтэрхэмрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Махуэшхуэхэр

Гъагъэ, ефІакІуэ, Адыгей!

Адыгэ Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 28-рэ зэрырикъур фокІадэм и 29-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 10 хъуэхукІэ Іэтауэ щагъэлъэпІащ ди къуэш щІыналъэм и кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 4 - 5-хэм гуфІэгъуэ махуэхэм я гуащІэгъуэу екІуэкІащ.

АР-м и лІыщхьэ **Къумпіыл Мурат** Правительствэм и Унэм Урысей Федерацэм, Адыгейм я щІыхь дамыгъэхэр ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкІа цІыху гупышуэхэм яритыжащ.

А Іуэхугъуэхэм ирагъэблагъэри хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и Администрацэм и тхьэмадэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ** Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Сэхьурокъуэ Хьэутийрэ**. КъБР-м и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэрым и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр АР-м и цІыхубэ тхакІуэ, СССР-м, РСФСР-м я къэрал саугъэтхэм я лауреат, УФ-м Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Мэшбашэ Исхьэкъ** иратыжащ.

Абы кьыкІэлъыкІуэу махуэшхуэм и щІыхькІэ къызэрагъэпэщащ пшыхьым хэтащ Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэ псоми я лІыкІуэхэр. Адыгейм кьикІуа ГъэгуанэМ теухуауэ абы доклад гъэщІэгъуэн щищІащ **Къумпіыл Мурат**. ЛІыщхьэм и псалъэм пищащ республикэм и Правительствэм и унафэщІ **Нарожный Владимир.**

ГуфІэгъуэ дауэдапщэхэм хэтыну АР-м и лІыщхьэм кьыригъэблагъат Кавказ Ищхьэрэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я лІыкІуэхэу **ХьэфіыцІэ Мухьэмэд** *(Налшык)*, **Аслъэн Алий** *(Черкесск)*, **КІэкІыхъу Мэжид** *(Псэуапсэ)*, **Шыбзыхъуэ Юрий** *(Ставрополь)*, **Щанэ Рэмэзан** *(Армавир)*; Тыркум, Иорданием, Израилым, Сирием я хасэхэм я лІыкІуэхэри хэтащ махуэшхуэ дауэдапщэхэм.

Жэпуэгъуэм и 5-м зэхаша Іуэху екІуэкІи ящыщщ «Гъуаджэм и дуней» фестиваль телъыджэр.

Адыгейр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 28-рэ зэрырикъум и гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм я кІэухыу Кавказ Ищхьэрэмрэ Ипщэмрэ я артист нэхъыфІхэм, Урысей Федерацэм и артист цІэрыІуэхэм концерт гуимыхужкэр ятащ.

ГуфІэгъуэ дауэдапщэхэм я кІэух дахэ хъуат жэпуэгъуэм и 5-м и пщыхьэщхьэм зэмыфэгъуэрэ нэр тепщІыпщІэу узэгум къыщызэщІэбла хьэрэкІытІэ телъыджэхэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Къалащхьэр ягъэдахэ

● Налшык

Налшык и автобус къэувыІэпІэхэр иджырей мардэхэм тету зэІуэпэщ ящІ.

КЪАТЩТЭМЭ, ди къалащхьэм апхуэдэ щІыпІэу 200-м щигъу иІэщ. 2019 илъэсыр и кІэм нэсыху абыхэм ящыщу 40-м щІигъур хьэзыр ящыну я мурадщ. Мы махуэхэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр къыщІащхьэлІэ Лениным и уэрамыр щыщІидзэм хуэзэу иІэ къэувыІэпІэм. Абдежьм тетари къызэрищІыкІауэ щыта плиткэри трагъэхьэзыкІауэ псори щІэкІэ яхъуэж. Апхуэдэ лэжьыгъэ щызэфІагъэкІащ Головком, Щоджэнщыкіуэм я уэрамхэм (Долинск нэсыху). Ягъэува къэувыІэпІэхэр екІуэ, иджыри къэс щыІахэм къащхьэщыкІыу языныкъуэхэм транспорт гъэувыпІэхэр ящІыгъущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Жэпуэгъуэм и 8, *гъубж*

♦Астрономием и дунейпсо махуэщ

♦Ульяновскэ областьм щагъэлъапІэ еджакІуэм и махуэр

♦УФ-м щагъэлъапІэ кхъухьхэм - псым тетхэми, псы щІагъэкІ щІэтхэми, узэгум итхэми - я командирхэм я махуэр

♦Хорватием и щхьэхуиныгъэм и махуэщ

♦1860 гъэм Бахьсэн цІыхубэ судыр къызэрагъэпэщауэ щытащ.

♦1961 гъэм Москва и Кремлым съездхэм я къэрал уардэунэр къыщызэІуахащ икІи ящэ концертыр щатащ. Ар зыхуэгъэзар унэр зыщІа ящэ къуэкІуэхэрт.

♦1945 гъэм США-м щыщ Спенсер Перси микроволновэ хьэку къызэригупсысам щыхьэт техьуэ тхылъ иратащ.

♦1970 гъэм Солженицын Александр Нобель саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ.

♦1991 гъэм Хорватиемрэ Словениемрэ Югославием кьыхэкІащ, езыхэм республикэ щхьэхуэхэр яІэ хъуахэщ.

♦2007 гъэм Елец «Дэз щыхьым и кьалэ» цІэр фІащащ.

♦Урысей бэнакІуэ цІэрыІуэ, циркым и артист, Урысейм щыхь зиІэ и артист **Поддубный Иван** къызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, эдэзэкІакІуэ цІэрыІуэ **Цветаевэ Маринэ** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, уэрэджьыакІуэ **Бернес Марк** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, АР-ми УФ-ми щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ я лжьакІуэ **Зекіуэхъу Увжькъуэ** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ цІэрыІуэ, зи Іэдакъэщэкіхэмкіэ фильм гъэщІэгъуэнхэр (псалъэм папщІэ, «Семнадцать мгновений весны», «ТАСС уполномочен заявить») траха **Семёнов Юлиан** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦МэкъумэшщІэныгъэхэм я доктор, профессор **Умар Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Куравлёв Леонид** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦МэкъумэшщІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэшщ университетым и профессор **Къагъырмэс Црай** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Совет фигурист, 1976 гъэм Инсбрук (Австрие) щекІуэкІа Олимп Джэгуэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа, дунеймрэ Европэмрэ я чемпионатхэм мызэ-мытІэу щытекІуа, СССР-м спортымкІэ щыхь зиІэ и мастер **Горшков Александр** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 9, *бэрэжьей*

♦Пощтым и дунейпсо махуэщ. 1874 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м дунейпсо пощт зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦Урысейм и МЧС-м кьеГъэщІылІауэ къызэрагъэпэщащ мафІэсым зыщыхъуэмыным елэжь ІэнатІэ щхьэхуэ

♦1943 гъэм Тамань хьтІыгуныкъуэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1975 гъэм Сахаров Андрей Нобель саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ.

♦1989 гъэм СССР-м къыщащащ лэжьакІуэ гупхэм я улахуэкІэ е нэгъуэщІ щІэмыарэзы гъэрхэр кьагъэлъагъуэу я ІэнатІэхэм пІалъэкІэ кьыпэрыкІыну зэрыхуитым теухуа унафэ.

♦2002 гъэм щІадзащ 10-нэ Урысейм къыхэтхыныгъэм.

♦2004 гъэм Афганистаным я къэралым щыяпэу президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІащ. А къулыкъур хуагъафэщауэ щытащ **Карзай Хьэмид.**

♦2009 гъэм США-м и президент **Обамэ Барак** Нобель и саугъэтыр хуагъэфэщащ.

♦Убых тхакІуэ, журналист **Щхьэпльы Зубейдэ** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Евстигнеев Евгений** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ рокмузыкант, уэрэджьыакІуэ, усакІуэ, композитор цІэрыІуэ, «The Beatles» гупым и къызэрэпэщакІуэ **Леннон Джон** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Ухуакіэ, хьэрычэтыщІэ, «ААА» фирмэм и унафэщІ **Къуршэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал кьулыкъущІэу, политикиыщ щыта **Немцов Борис** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.

♦Инджылызым и премьер-министру щыта **Кэмерон Дэвид** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, республикэм щыхь зиІэ и журналист **Мысостышхуэ Маринэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаруэ щыщытынущ, уэшх кьыщешкьынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Іуэхухутэ ялІыркъым, лІыкІуэ яукІыркъым.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэм и полномочиехэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советыр кьыззрызэрагъэпэщ щІыкІэм и Іуэхукіэ Федеральнэ законым и 3-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэм и полномочиехэр етын Ульбашев Мухьэрбий Магомед и кІуэм

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокІадэм и 23-м
№7-П-П

Ульбашев Мухьэрбий Магомед и кІуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и пункт 2-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэм и полномочиехэр зэрыратам къыхэкІыу Ульбашев Мухьэрбий Магомед и кІуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къуажэм мэм кьыбгъэдэкІыу республикэ зэхуэІпІэ округ зэгуэным щыхахам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщахауэ къэлъытэн.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокІадэм и 23-м
№8-П-П

Самофаловэ Светланэ Александр и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и пункт 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Самофаловэ Светланэ Александр и пхъум, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къуажэм кьыбгъэдэкІыу республикэ зэхуэІпІэ округ зэгуэным щыхахам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщахауэ къэлъытэн.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык
2019 гъэм фокІадэм и 23-м
№9-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым хэтхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 103-нэ статьям и Іыхьэ 1-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ статьям Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и комитетым хэхын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэу мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Апажэ Аслъэн Къэралбий и кьуэр
Бердюжэ Владимир Иван и кьуэр
Дзэмыхь Къасболэт ФІыцІэ и кьуэр
Карныш Сергей Александр и кьуэр
Коротких Ольгэ Алексей и пхъур
Кьудали Мухьэмэд Хьэмзэт и кьуэр
Настаев Алисултан Магомед и кьуэр
Рахаев Анатолий Исмэхьил и кьуэр
Туменов Хьусейн Хьэсэн и кьуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и комитетым и зэунафэщІэгъуэху хэхын:

Бердюжэ Владимир Иван и кьуэр
Кьудали Мухьэмэд Хьэмзэт и кьуэр
Рахаев Анатолий Исмэхьил и кьуэр

3. Мы Унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокІадэм и 23-м
№10-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным пыща Іуэхухэмкіэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным пыща Іуэхухэмкіэ и комитетым хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Бер Тимур Мухьэдин и кьуэр
Вындыжь Чэрим Хьэмидий и кьуэр
Дзэмыхь Къасболэт ФІыцІэ и кьуэр
Киреевэ Надеждэ Валерий и пхъур
Кьумал Заурбэч Мухьэмэд и кьуэр
Мэлбахъуэ Борис Хьэмидий и кьуэр
Щоджэн Беслъэн Хьэмидий и кьуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным пыща Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІым и кьуэдзэу хэхын Дзэмыхь Къасболэт ФІыцІэ и кьуэр.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокІадэм и 23-м
№11-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ и комитетым хэтхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ и комитетым хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Есэнкъул Ахьмэд Лаврентий и кьуэр
Залин Олег Пётр и кьуэр
Кьардэн Мурадин Сэфрэ1ил и кьуэр
Кебеков Владимир Сэфарбий и кьуэр
Кривко Михаил Николай и кьуэр
Попов Виктор Сергей и кьуэр
Тхьэгъэлэдж Тимур Палушэ и кьуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ и комитетым и унафэщІу кьыкІэлъыкІуэхэр:

Амщокъуэ ФатІимэт Къэралбий и пхъур
АфэщІагъуэ Михаил Хьэлым и кьуэр
Бещто Артур Мухьэрбий и кьуэр
Вындыжь Чэрим Хьэмидий и кьуэр
Канунниковэ Татьянэ Георгий и пхъур
Мамбергер Константин Константин и кьуэр
Настаев Алисултан Магомед и кьуэр
Пономаренкэ Роман Николай и кьуэр
ПІэужь Адэлбий Билол и кьуэр
Хъыбий Наур Хьэбалэ и кьуэр
Ерчэн Жамболэт Хьусен и кьуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финанс рынокымкіэ и комитетым и унафэщІым и кьуэдзэу хэхын АфэщІагъуэ Михаил Хьэлым и кьуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финанс рынокымкіэ и комитетым и унафэщІым и кьуэдзэу хэхын Настаев Алисултан Магомед и кьуэр.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокІадэм и 23-м
№12-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финанс рынокымкіэ и комитетым хэтхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финанс рынокымкіэ и комитетым и хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Амщокъуэ ФатІимэт Къэралбий и пхъур
АфэщІагъуэ Михаил Хьэлым и кьуэр
Бещто Артур Мухьэрбий и кьуэр
Вындыжь Чэрим Хьэмидий и кьуэр
Канунниковэ Татьянэ Георгий и пхъур
Мамбергер Константин Константин и кьуэр
Настаев Алисултан Магомед и кьуэр
Пономаренкэ Роман Николай и кьуэр
ПІэужь Адэлбий Билол и кьуэр
Хъыбий Наур Хьэбалэ и кьуэр

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финанс рынокымкіэ и комитетым и унафэщІу хэхын АфэщІагъуэ Михаил Хьэлым и кьуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финанс рынокымкіэ и комитетым и унафэщІым и кьуэдзэу хэхын Настаев Алисултан Магомед и кьуэр.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокІадэм и 23-м
№13-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьныигъэмкIэ, хьэрычэт IэхъумкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьныигъэмкIэ, хьэрычэт IэхъумкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Iэпщэ Заур Борис и къуэр
АфIэунэ Аслъэн Мартин и къуэр
Ашэбокъуэ Астемыр Артур и къуэр
Бер Тимур Мухьадин и къуэр
Войтов Алексей Иван и къуэр
Къэлмыкъ Марат Альфред и къуэр
Къуэжьокъуэ Артур Жэмал и къуэр
Къудали Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэр
Къумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр
Щоджэн Беслъэн Хьэмидий и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьныигъэмкIэ, хьэрычэт IэхъумкIэ и комитетым и унафэщIым хэхъо Iэпщэ Заур Борис и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьныигъэмкIэ, хьэрычэт IэхъумкIэ и комитетым и унафэщIым хэхъо Бесолтэ Алексей Иван и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№14-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхъуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхъуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Абрэдж Iэдиб Хьэсэнбий и къуэр
Алтуев Аслъэн Ахьмэт и къуэр
Апажэ Аслъэн Къэралбий и къуэр
Уэрыш Светланэ Анатолий и къуэр
Бэчыкъ Аслъэн Руслан и къуэр
Бердюжа Владимир Иван и къуэр
Залиханов Елдар Михаил и къуэр
Къаздэхъу Альберт Билал и къуэр
Къужьокъуэ Артур Жэмал и къуэр
Притков Иван Алексей и къуэр
Сэкрэк Владимир Хьусейн и къуэр
ТекIуэ Артур Александр и къуэр
Хьэпущы Арсен Хьусен и къуэр
ЩхьэгъэпсО Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхъуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым хэхъо ТекIуэ Артур Александр и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхъуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзу хэхьэн Щхьэгъэпсо Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр.

4. ЩхьэгъэпсО Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым хэтщ иКIи Аграрнэ IэхъуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къудэзым и къулыкъур профессионалэ лъабжьэм тету ирехьэкI.

5. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№15-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымкIэ, гъэзу хозяйствэмкIэ и комитетым хэтхэм я Iэхъуэхэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленостымкIэ, транспортымкIэ, связымкIэ, гъэзу хозяйствэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Ахматов Мурадин Магомед и къуэр
Байдаев Салихь Мыхьмуд и къуэр
Къалмыкъ Марат Альфред и къуэр
Пономаренкэ Роман Николай и къуэр
Сэкрэк Владимир Хьусейн и къуэр
ЛIэужь Адэлбий Билол и къуэр
Хьыбий Наур Хьэбалэ и къуэр
Ерчэн Жамболэт Хьусейн и къуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымкIэ, гъэзу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхьэн Байдаев Салихь Мыхьмуд и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымкIэ, гъэзу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзу хэхьэн ЛIэужь Адэлбий Билол и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 19-м
№16-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым хэтхэм я Iэхъуэхэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Алтуев Аслъэн Ахьмэт и къуэр
Бещто Артур Мухьэрбий и къуэр
Залин Олег Пётр и къуэр
Залиханов Елдар Михаил и къуэр
Попов Виктор Сергей и къуэр
Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэр

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIым хэхьэн Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзу хэхьэн Залин Олег Пётр и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№17-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым хэтхэм я Iэхъуэхэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Уэрыш Светланэ Анатолий и къуэр
Ахматов Мурадин Магомед и къуэр
Безгодько Владимир Фёдор и къуэр
Къэжэр Хьусен Хьэмид и къуэр
Къалэбатэ Рустам Михаил и къуэр
Канунников Татьянэ Георгий и пхъур
Мечукаев Алихьан Азрэт и къуэр
Тхьэгъэлэдж Тимур Лалушэ и къуэр
Хасаитов Лизэ Iэкъымэн и пхъур.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIу хэхьэн Къэжэр Хьусен Хьэмид и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзу хэхьэн Безгодько Владимир Фёдор и къуэр.

4. Безгодько Владимир Фёдор и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым хэтщ иКIи ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къудэзым и къулыкъур профессионалэ лъабжьэм тету егъэзащIэ.

5. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№18-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IэхъуэхэмкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IэхъуэхэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Емуз Нинэ Гъузэр и пхъур
Карныш Сергей Александр и къуэр
Киреевэ Надеждэ Валерий и пхъур
Коротких Ольгэ Алексей и пхъур
Пешковэ Людмилэ Михаил и пхъур
Рахаев Анатолий Измаил и къуэр
Хьэлыш Маритэ Хьэжысмел и пхъур.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IэхъуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхьэн Емуз Нинэ Гъузэр и пхъур.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IэхъуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзу хэхьэн Коротких Ольгэ Алексей и пхъур.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№19-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, хьыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым хэтхэм я Iэхъуэхэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, хьыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Амщокъуэ ФатIимэт Къэралбий и пхъур
Бечеловэ Людмилэ Музэфар и пхъур
Бжьахъуэ Раметэ Башир и пхъур
Пащты Борис Сультан и къуэр
Пешковэ Людмилэ Михаил и пхъур
Хьэлыш Маритэ Хьэжысмел и пхъур.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, хьыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхьэн Пащты Борис Сультан и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, хьыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзу хэхьэн Амщокъуэ ФатIимэт Къэралбий и пхъур.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№20-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ФизкультурэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ и комитетым хэтхэм я Iэхъуэхэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ФизкультурэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

АфIэунэ Аслъэн Мартин и къуэр
Байдаев Далхат Магомед и къуэр
Бэрэгъун Арсен Мухьэмэд и къуэр
Бечеловэ Людмилэ Музэфар и пхъур
Къалэбатэ Рустам Михаил и къуэр
Мечукаев Алихьан Азрэт и къуэр
Притков Михал Алексей и къуэр
Туменов Хьусен Хьэсэн и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ФизкультурэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхьэн Бэрэгъун Арсен Мухьэмэд и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ФизкультурэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзу хэхьэн Къэлэбатэ Рустам Михаил и къуэр.

4. Мы Унафэр къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№21-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым хэтхэм я Iэхъуэхэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Бэчыкъ Аслъэн Руслан и къуэр
Бжьахъуэ Раметэ Башир и пхъур
Къаногъуэ Арсен Башир и къуэр
Къардэн Мурадин Сэфрэ1ил и къуэр
Хьэпущы Арсен Хьусен и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзу хэхьэн Къардэн Мурадин Сэфрэ1ил и къуэр.

3. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№22-П-П

Хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум пыщIа къалэнхэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм къхьыбархэм я пэжыIэр къэпщытэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэ хэхьнымкIэ и Iэхъуэхэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iэхъуэхэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 27-1-нэ статьям, хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум пыщIа къалэнхэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм къат хьыбархэм япэжыIэр къэпщытэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэм теухуа Положениэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2013 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыдигъакIа унафэ №1496-П-П-мкIэ къыщтам, тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум пыщIа къалэнхэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм къат хьыбархэм япэжыIэр къэпщытэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэ къыдэгъэзэжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыдигъакIа унафэ №1496-П-П-мкIэ къыщтам, тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум пыщIа къалэнхэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм къат хьыбархэм япэжыIэр къэпщытэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэ къыдэгъэзэжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэм теухуа Положениэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и 2013 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыдигъакIа унафэ №1496-П-П-мкIэ къыщтам, тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къудэзэ, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и фракцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIым хэтыр *(комиссэм и унафэщIым)*;

Афэщагъуэ М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финанс рынокымкIэ и комитетым и унафэщIым, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и фракцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIым и унафэщIым *(комиссэм и унафэщIым и къудэзэ)*;

Кривко М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ, коррупцэм пэщIэтыныкIэ и комитетым и унафэщIым, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и фракцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIым хэтыр *(комиссэм и унафэщIым и къудэзэ)*;

Безгодько В. Ф. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзэ, «Урысейм и либерал-демократие парт» политикэ партым и фракцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIым хэтыр;

Кебеков В. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ, коррупцэм пэщIэтыныкIэ и комитетым хэтыр, «Захуагъэ здащIэ Урысей» политикэ партым и фракцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIым хэтыр;

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, хьыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и фракцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIым и унафэщIыр;

ЩхьэгъэпсО С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхъуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къудэзэ, «ЩхьэнтIэхэр» урысей экологие партым и фракцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIым и унафэщIыр.

3.Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№23-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм хэтхэм я Iэхъуэхэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и Уставым и 7-нэ статьям и Iыхьэ 1-м, Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и Регламентым и 17-нэ, 20-нэ статьхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и советым и лIыкIуэу хэгъэхьэн:

Егоровэ Татьянэ Борис и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр;

Къаджэн Мурат Нэфсыбий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къудэзэр.

2. Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и комитетхэм я лIыкIуэу хэгъэхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэу мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Iэпщэ Заур Борис и къуэр - экономикэ политикэмрэ бюджет IэхъуэхэмкIэ комитетым

Байдаев Сэлихь Мыхьмуд и къуэр - промышленнэ зыужьныигъэм и IэхъуэхэмкIэ комитетым

Бэрэгъун Арсен Мухьэмэд и къуэр - щIалэгъуалэм я IэхъуэхэмкIэ, спортымкIэ комитетым

Емуз Нинэ Гъузэр и пхъур - социальнэ политикэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ комитетым

Карныш Сергей Александр и къуэр - лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ парламент зэхуакъэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ комитетым

Мэлбахъуэ Борис Хьэмидий и къуэр - законодательствэм, къэрал ухуэхэм, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным ятеухуа IэхъуэхэмкIэ комитетым

ТекIуэ Артур Александр и къуэр - аграрнэ Iэхъуэхэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым.

3. Къару ямыIэжу къэлытэн:

1) «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм щIыIэхэм я Iэхъуэхэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыщта унафэ №41-П-П-м.

2) «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм хэтхэм я Iэхъуэхэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыщта унафэ №941-П-П-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхъуэхэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м къыщта унафэ №1121-П-П-м;

3) «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм щIалэгъуалэм я IэхъуэхэмкIэ, туризмэмкIэ, спортымкIэ щIым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2018 гъэм щIышылэм и 25-м къыдигъакIа унафэ №829-П-П-м.

4. Мы Унафэр Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм егъэхьын.

5. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№24-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу ТелерадиовещанэмкIэ федеральнэ конкурс комиссэм хэтым и Iэхъуэхэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

ТелерадиовещанэмкIэ федеральнэ конкурс комиссэм теуху «Положениэм, Связым, хьыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм я IэнатIэм щIыкIэлъыплъныкIэ федеральнэ кIулыкъущIапIэм 2012 гъэм накъыгъэм и 25-м къыдигъакIа унафэ №522-мкIэ къыщтам, тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу ТелерадиовещанэмкIэ федеральнэ конкурс комиссэм хэгъэхьэн Пащты Борис Сультан и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, хьыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым.

2. Кару имыIэжу къэлытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу ТелерадиовещанэмкIэ федеральнэ конкурс комиссэм хэтым и Iэхъуэхэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыщта унафэ №940-П-П-м.

3. Мы Унафэр ТелерадиовещанэмкIэ федеральнэ конкурс комиссэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм фокIадэм и 23-м
№25-П-П

• ДифI догъэлъапIэ

Гъащ1э купщ1афIэ

Мыгувэу и ныбжьыр илъэс блыщI ирикъунущ Тезырхэр щрагъэхьэкI федеральнэ къулыкъум и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и унафэщIым и къуэдзэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьа МВД-м и полковник Тхъуэст Леонид.

ЗАУЭ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэм ар Къэхъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Ар зэрыбынышхуэм я нэхъыжьыр иКIи къалэн куэд и пщэм къыдохуэрт. И шыпхъу закуэу Риммэ, къуэш нэхъыщIэхэу Хьэутийрэ Заурэ и нэIэ ятетынри, ичагъэ, хадэ Iэхъуэхэр зэфIэгъэкIынри, еджэнри хъарзынэу къехъулIэрт, я адэ-анэ МулIэдрэ Хужьлагуэрэ къуажэ сабийр школым махуэ пэсым щрагъэджэрти я гур къыхэмыщтыкIыу.

Курыт еджапIэр хъарзынэу къиуха иужькIэ, Леонид щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и адыгэ-урыс къудамэм. Студент гъащIэр Iэхъугъуэ хьэлэмэт куэдхэмкIэ гъэнщIагъэ щытащ иКIи нанIэзэпIэу бгылъэтащ. А зэманым зэрыхабзэти, еджэныр къызэриуныу дзэм къулыкъу щищIыну дашащ. КъБКъУ-м и дзэ кафедрэр къиухарэ лейтенант дармэлъыр зэрихьэу Леонид армэм ираджащ иКIи Ленинград дзэ округым Вологдэ къалэм щIэ частым и мотострелковэ ротэм и унафэщIу ягъэуващ. Тхъуэстым абдыж фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Ар жэрдэмрэ хэлъэтрэ зиIэ командир, и унафэм щIэтхэр ззэшIэгъэдIэуфт.

ИлъэситI пIалъэр къиухыу дзэм къыхэкIыжьи хуей щыхъуэ, мызэ-мытIэу кIыхьэгъэлъэгъуащ къанэу, армэм и къулыкъум щыпищэну. АрщхьэкIэ адэжь щIынапIэм къыгъэзэжмэ нэхъ кьищтащ.

КъыздэкIуэжам занщIэу гу къыщылъытащ дзэм хэта офицер щIалэщIэм - ар лэжьэну ирагъэблагъащ КъБР-м и МВД-м Тезырхэр щрагъэхьэкI и къудамэм иКIи и гъащIэ псор абы иригъащ. IэнатIэр хьэлъэт иКIи псэзэпылъхьэпIэт. АрщхьэкIэ апхуэдизкIи кьыпимыкIуэту еса Тхъуэст Леонид псынщIэу гупым хэзэгъащ иКIи жэуаплныгъэшхуэ ятрядым и унафэщI, щагъэсэж-щагъэлажьэ коломиеи и Iэтащхьэм и къудзэ къулыкъухэр. ИужькIэ и пщэ кьралъхьащ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм цIыхухэм я хуитныгъэхэр щыхъумэнымкIэ Тезырхэр щрагъэхьэкI федеральнэ кьулыкъум и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и унафэщIым и къудзэу щытынр.

Тхъуэстыр и къалэнхэм сыт щыгъуи фIыуэ зэрыпэлъэщам и щыхьэтщ и характеристикэм щыщ зы Iыхьэр: «Тезырхэр щрагъэхьэкI федеральнэ кьулыкъум иКъэбэрдей-Балъкъэр управленэм зэрыщIа зэман кIыхьым къриубыдэу абы зыкъигъэлъэгъуащ жэрдэм зыхъэ, унафэр тэмэму зыгъэзащIэ. IэщlагъэпI щыпкъэу, гуГуехьэм кьапимыкIуэту. Кьиззэгъэпэщщыныгъэ зэфIэкI льагэ иIэщ, хабзэм кьиригъэувкэм пылъхьэншэу щыгъуаззщ иКIи аxэр дагъэнэшэу егъэзащIэ. Къыздэлажьэхэм, и унафэм щIэтхэм фIыуэ къалъытэу, и жэрдэмыр кьалъытэ».

Аxэр псалъэ гъущэкьым - я щIыбагъ къыдэтщ Леонид махуэ кьэс ирихьэкIа лэжьыгъэ гуГуым кьыпэкIуа пщIэ льагэр. Щыхьэту урикъунщ зыхыхьэ ведомствэм и медалу 8 къызэрыхуагъэфэщар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр, КъБР-м и Iэтащхьэм и щытхъур, нэгъэущI дамыгъэ льапIэ къэдэхри.

2004 гъэм къэрал кIуацI къулыкъум къыхэкIыжа иужькIи, Тхъуэст Леонид и щIыб хуигъэзакъым Тезырхэр щрагъэхьэкI федеральнэ къулыкъум и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм. Абы и унафэщIэм къыхалъхьэри, ар ягъэуващ щагъэсэж-щагъэлажьэ колоние псори къызэщIэзыубыдэ Iэщlагъэ щрагъэгъуэт училищэм и Iэтащхьэу. А еджапIэм илъэс къэс IэщlагъэлI 800-м нэс щагъэхьэзырт, гъущI зэпызыгъавэхэр, пхъащIэхэр, электрикхэр, сантехникхэр, нэгъуэщIхэри яхэту, щаIыгъ колониеxэм щылэжьэн хуит къащIыжа иужькIэ къахуэсэбэпын хуэдэу.

Училищым и унафэщIым къыдэкIуэу Тхъуэстым пщэрылъ щащIащ Тезырхэр щрагъэхьэкI федеральнэ къулыкъум и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и Ветеран

КъБР-м и цIыхубэ артист Къаздэхъу СулътIан 85

Зыми емыщхь

Пасэу белджылы къэхъуат Къаздэхъу СулътIан гъуазджэм зэрыдихьэхыр: школ самодеятельностым хэтт, езыр къыщалъхуа Исльэмей къуажэм икIыурэ Бахъсэн кIуэрти, Щэнхабзэмкlэ унэм щагъэлъагъуэ спектаклхэм еплъыт. Налшыки щынэс щыIэт, театрым еплъын папщIэ. Тэмэму ящIащ Москва кIуэуэ актёру еджэну мурад зыщIа СулътIан нэхъыжьхэр зэрыпэрымыуар.

МОСКВА Лунначарскэм и цIэр зезыхьэ и театр институтыр 1958 гъэм Къаздэхъу СулътIан щIыгъуу къаухъуэу щытащ цIыху пщыкIублым. ЗэщIэгъэуIуэуэ, гугъэшхуэ уагъэощIу къэкIуэжащ ахэр псори лъэпкъ театрым.

Нэхъыщхьэр - зэчийрщ, сценическэ Iэзэгъырщ. Ауэ ари зыми щыщкъым, театрыр гукIи псэкIи фIыуэ умыльагъумэ, абы сытым дежи ухуэпэжу ущымытмэ.

СулътIан щIалэ лъагэкъым, и нэгур згъурлыфащ, и макъыр щабащ, езыр Iэдэбщ. Абы ищIащ цIыху ткIийм икIи пхъашэм, хьилэшым икIи бзаджэм, жэрдэмыншэм икIи псэмахэм - кIэщIу жьпIэмэ, я дуней тетыкIэкIи, я лжьхыгъэкIэ, я псэуркIэкIи зэмыщхь цIыху Iэджэм я теплъэхэр. Ауэ зыми жиIакъым СулътIан и лэжьэкIэм фэрыщIагъ хэлъу, ролым пэмыльэщауэ.

Шэч хэлъкъым - фIыщ актёрым адрейхэм къаэзрыщхьэщыкI хъэтI, езым и Iуэху бгъэдыхьэкIэ иIэжмэ. Къаздэхъур адрейхэм ещхь зымыщI и хъэтIщ дэтхэнэ зы ролми щIэ зэрыхилъхьэфыр. Ар хуэкейщ зыгуэрым зыпыщIыжыным. СулътIан щыджэгуащ спектакль куэдым - псори тIощIрэ пщIым щIегъу. Абыхэм я нэхъыбэм роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщIащ.

Къаздэхъум актёр зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым щыхьэт тохъуэ классическэ пьесэхэми Островский А. Н. и «Гу пщтырым», Мольер и «Хуэмыхъуу Iэзэ ящIам», Флетчер и «Фыз хъэгъэIурыщIэкIэм», нэгъэущIэхэми), совет драматургхэм я пьесэхэми (Злобиным и «Махуэ телъыджэм», Розовым и «Гъуэгу махуэм», Вишневскэм и «Псэ зэпычъхьэпIэ ильэсым», Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэтам»), адыгэ драматургхэм ятха пьесэхэм япкъ иткIэ ягъэува спектаклхэми екъуIэнаегъэкIэ ар зэрыщыджэгур.

Актёрым кууэ зыхещIэ дэтхэнэ пьесэри зытеухуа Iуэхугъуэр, абы кьыхэкIыуи сыт хуэдэ ролми бгъэдыхьэкIэ тэмэм къыхуегъуэтыфыр. Псом хуэмыдэу ар наIуэ щыхъуащ «Фыз хэсгъэлърыщIэкIэм». СулътIан зи роль игъэзэщIа капитан Перец щхьащытхъум фадэр фIэфIщ, езыр мыщIыжкщ, гурбиянщ. Ауэ зи псэр кьабзэ цIыхуц. ФитI-бзиту, гущIэгъуншэу, гъэпцIакIуэу яхэткъым ар цIыхухэм. Абы и гур зIыхуащ. Къаздэхъум пэжагъыхужэ хэлъу кьигъэлъэгъуащ ар. А ролымкIэ СулътIан жиIэ хуэдэщ: «Ари цIыхущ, гъащIэ мыхъумыщIэм зэрызэIигъэхьар и дагъуэми».

Вишневский Всеволод и «Оптимистическая трагедия»-р совет пьесэ нэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Къаздэхъум абы Одессит и ролыр щигъэзэщIащ. Пэжу, ар ролышхуэкъым. Ауэ ар ин хъунуми зэрыщIыкIуу кьэнэжьными, зэрыжаIэщи, зэлъытар езы артистыщ. СулътIан хуэзфIэкIащ пычыгъуэ тIэкIур ин ищIын. Къаздэхъум и Одесситыр щхьэхуещащ, и ныбжьэгъу дыдэхэри ищэфынущ езым и сэбэп зыхэлъым щхьэкIэ. Абы и мызакъуэу, ар купщIэнIэщ, къэрабгъэщ, зи хущхьэхъум и бзыщ.

«ЩIыщIэ къэIэта» спектаклыр ди театрым и иужьрей илъэсхэм иIа лэжьыгъэ нэхъыщхьэм ящыщ зыщ. Абы роль нэхъыщхьэхэм ящыщ зы щигъэзэщIащ Къаздэхъум – къуажэ Советым и унэфащI Разметновым джэгуащ. Шолоховым и романми абы кьытращIыкIа спектаклми гулъытшхуэ щыхуащI а образым. Ар куэдкIэ къащхьэщокI Давыдов гуащIэми Нагульнов мэхъашэми. Разметновыр кьэлыбигъуафIэкъым, ауэ и Iэдэбгъэм щIихьумэрэкъым и тегушхуэзыгъэр. Ар цIыху гуапэщ ныбжьэгъум щепсалъэм деж, гулъытэ яхуещI и кьуажэгъу гуащIэрыпсэуэхэм. Апхуэдэущ Разметновыр дэ Къаздэхъум зэрыдигъэлъагъур. НэгъэущI роль куэди СулътIан игъэзэщIащ и Iэзагъэм щыхьэт техъуэу.

АтIэ, сыт Къаздэхъум и екъуIэнэгъэхэм я щэхур? Дауи, ищхьэмкIэ щыжьитIахэрщ щхьэпылъхьэр. Ауэ СулътIан фIыуэ ещIэ актёрым и лэжьыгъэм цIыкIуфIэкIу зэрыхэмылъыр, сценэм кьыхъа цIыхум и псэлъэкIэкIи, и джэгукIэкIи дагъуэ иIэн зэрыхуэмейр. Къаздэхъур ящыщкъым зи макъым щIэдэIужхэм. Сценэм щитым дежи ар зэрадIэр и гум и макъыр. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр псалъэм и IукIэракъым, абы щIэлъ гупсысэрщ. Къаздэхъу СулътIан хущIокъу и джэгукIэкIи, и бэкъуэкIэкIи, и эыбгъыкIэ псомкIи а гупсысэр сценэм кьыщигъэлъэгъуэну.

КЪАМБИЙ Зуфар.
1978 гъэ

Ди гум щопсалъэ, щогуфIэ, щопсэу

Илъэс тIощIкIэ сыкIэлъыплъащ СулътIан и лэжьыгъэм. А зэманым къриубыдэу абы и зэфIэкIым куэд хигъэхъуащ. «Мыр япэм сцIыхуу щыта Къаздэхъуракъым» щIыжыпIэн щыIэт. ФIы и лъэныкъуэкIэ.

IУТIЫЖ Борис и «Тыргъэтауэ» спектаклым щыслъэгъуа артистыр кьысхуэцIыкъужьыртэкъым. СулътIан игъэзэщIа Шупашэ и ролыр купщIафIэт, зэрыджэгу щыкIэри уи фIэщ хъурт.

Абы иужькIэ Къаздэхъур удихьэхыу хэтащ «Хьэцацэ дахащэ», «Гуащэмыдэ хьэбла», «ГушыIэр гушыIащ», «Фыз цIыкIу къамэшхуэ», «ПатIушэрэ СатIура», «Эдип» спектаклхэм. Илъэс кьэси и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпытт. Хуэфащэ дыдэуи СулътIан къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр.

Илъэс тIощIкIэ си ныбжьэгъуащ а цIыху гумащIэр - хамэ кьэрал къикIа ди лъэпкъэгъуэхэм зэман зэтригъэкIуадэрт. Ар езэшырэтэкъым - гуп яхэсмэ, усэ къеджэрт, дахэу гушыIэрт, уэрэдыжь къыхэдгъэзмэ, къыбдИыгът.

Сэ мызэ-мытIэу СулътIан и гъусэу гъуэгу сытехащ. Ар цIыху тиншт, маху и жэщи, илъэс бжыгъэкIэ згурIуэсами, угъэзэщIынтэкъым.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къаздэхъу СулътIан щIэжжъым. Ауэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрыр фIыуэ зыльагъуэхэм ЦIыхубэ Артистыр ноби я гум щопсалъэ, щогуфIэ, щопсэу.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

ТIыхъужь Алийрэ Къаздэхъу СулътIанрэ. *1995 гъэ*

Хущхъуэ хъарзынэ

ГушыIэр, жаIэ, Тхьэм и щIасэщ.
Ар зи мыщIасэр щIэх жьы мэхъу.
Жьы зывмыщIынымэ нэхъ пасэу,
Хущхъуэ хъарзынэщ мыр: «Къаздэхъу»...

Хущхъуэгъуэ папщIэу уи лэжьыгъэр
Уэ яхуогуэшыр цIыху къопщIам.
Аращ и щэхур лъагъуныгъэ
Адыгэ лъэпкъым къыпхуищIам.

ДЫГъУАСэ хуэдэщ мы усэ кIэщI цIыкIур сэ СулътIан щыхуэстхар, ауэ гущIэгъуншэу ежэкI зэманым зэрыжиIэмкIэ, илъэс 12 мэхъу абы лъандэрэ. Псом нэхърэ нэхъ гуауэу абы хэлъраци, илъэс зытIощIырыпщI хуэдизкIэ ажал Iуэху лъэпкъ зи щхьэ хуумыхьыфыну абы щытIуэ къытпщхьэу щыта езы Къаздэхъу СулътIан дунейм зэрехьэжьэ илъэс бжыгъэ хуэдизкIэ.

Актёр Iэзэу, актёр Iэсэу щытауэ кьызолытэ сэ Къаздэхъу СулътIан. СулътIан и актёр Iэзагъым зэран хуэхъуарэ сэбэп хуэхъуарэ Тхьэм ещIэ, ауэ си тхыгъэхэм кьытращIыкIа спектаклхэм хэту ар куэдрэ сценэм кьызэрихьар Адыгэ театрыр фIыуэ зыльагъу псоми ящIэж, сэри абы хуабжьу сригуфIэу икIи сригушхуэу щытащ.

СулътIан и актёр Iэзагъым теухуауэ зэ кьытезгъэзэжынщ, ар ящыщт пхам нэгъэущIынэкIэ уезыгъэплъыжьфэм, ящыгуфIыкIыу, кIуэаракъэ, уригъэхъуэпсэжу ролыр зыгъэзащIэхэм.

СэркIэ гуимыхужщ абы Тыргъэтауэ и адэ Шупашэ и ролыр гукIи псэкIи етауэ игъэзащIэу, тхыгъэм зы «Iэфl» гуэр хэлъыхэмэ, ар кьеплъхэм, кьедIыуэхэм я деж гупсэхуу нихьэсыфу зэрыщытар. Апхуэдэ дыдэу Iэзэу игъэзащIащ СулътIан «Эдип» пьесэм кьытращIыкIа спектаклым хэт Форбас и ролри.

АтIэми, Къаздэхъур цIыхухэм ягу нэхъ кьызэринари, и актёр IэхъущIафэм и нэхъыбапIэри абы и гушыIэ, ауан ролхэрэ, комедиехэм щигъэлъэгъуа зэфIэкIырщ. Си тхыгъэхэм кьытращIыкIа спектаклхэу «Гуащэмыдэ хьэблэ», «ГушыIэ махуэ апщий!», «ГушыIэр гушыIэщ», «ЖьэмыгъуэУ - Африкэм» жьыхуIэхэм хэтащ СулътIан. Сэ сытым дежи жьэдIэ, ноби жьыСIэну сыхуейщ: Къаздэхъу СулътIанрэ Мэшыкъуэ Фенярэ а спектаклхэм я ролхэр зэрыщагъэзащIам хуэдизу зыгъэзащIэн къэгъуэтыгъуейщ. А артист гъуэзэджэхэм я фIыгъэкIэ си персонажхэу ЖьэмыгъуэрэХьэжьмурридрэ ролмаскэ жьыхуаIэ мыхьэнэр щагъэтауэ кьызолъытэ сэ ди театр гъуэзджэм.

Сэ си насып кьыкIауэ кьызолытэ Къаздэхъу СулътIан хэтрэ ар ящыщ си пьесэхэр цIыхухэм я гум, я псэм зэрынихьэсам кьыхэкIыу. Срогушхуэ ар си ныбжьэгъуфIу зэрыщытам, зы лэжьапIэ дыIымытами, дызэдзэжьащ, театр Iуэху кьызэдетхьэжьэу, зэфIэтхыу дызэщIыгъащ, жысIэну сызэрыхитым.

И актёр Iэзагъым и закъуэтэкъым Къаздэхъум цIыхур зэрызыIэпишэр. Нэгъэсауэ цIыху угъурлыт, жумартт, хэтыкIэ, дэгъэгурыкIуэкIэ ищIэрт.

ЕлбэдымиитIэр зезыхьэ уэрамым тет «хрущёвкэ» гуэрщ СулътIан щыпсэуар. Актёр, кьэфакIуэ, музыкант жьпIэми, гъуэзджэм и лэжьакIуэ зыкъом щопсэу а унэм. Щопсэу, сэ зэрыщIэмкIэ, я гуауэри я гуапэри зыуэ, я шыгъупIастэ зэIурылъу, я Iуэху дэтхэнэри кьызэдалэту. ЖьпIэнуракъэ, хъуэпсэгъуэу. А псор щыжьыСIэращи, Къаздэхъу СулътIанрэ абы и щхьэгъусэ Русланэрэщ (жэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ, ари дунейм ехьыжащ) а зэгъунэгъуфIхэм я нэхъыжьыи Iуэхупэублэуи щытахэр.

Бын и лъэныкъуэкIи я псэкэр щIэгуфIэн лъэужь дунейм кьытранащ СулътIанрэ Русланэрэ. Я кьуэ закъуэ Аслъэн «щэ уэстын, хьэмэ щэ и уасэу зы уэстын?» жьыхуаIэм хуэдэщи, нобэрей ГъащIэм хъарзынэу хэзэгъауэ кьэзылъхуахэм зэрахуэфэщэну мэпсэу, сабийуэ кьаIэрыхьэу СулътIанрэ Русланэрэ зэдапIа фIэкIа умыщIэну. Аслъэн и щыта зэгъусэ Рити нэгъэсауэ цIыху угъурлыщ, бын дахэ зэдапI. Апхуэдэущ СулътIанрэ Русланэрэ ялъхьу Ларисэ и унагъуэри. Ларисэ адэм и IэщIагъэр кьыхихащ, иджыпсту актёр Iэщ IагъэмкIэ сабийжэм ядолажьэ.

МЫПХУЭДЭУ сухыну сыхуейт си тхыгъэр. Къаздэхъу СулътIани, СулътIан и ныбжьэкIми, ахэр кьызыщIэтэджа ди артист нэхъыжьыжэми я балигъ гъащIэм и нэхъыбапIэр щрахьэкIар, Тхьэм ирещи, Адыгэ театрыращ, абы нэхъыфIу яльагъу уни дунейм тетауэ кьыщIэкIынукъым. Илъэс мин бжыгъэкIэ адыгэ лъэпкъыр дыхуэкIуэу жьпIэ хъунущ театр диIэ хъуным (театр унэракъым дэ мыбдежым си гугъу тщIыр). Зы лIы ныбжь хуэдизи ирикъуакъым а насыпыр дэ зэрыдгъуэтрэ. НтIэ, а насыпыр адэкIи зыхуэхъумэн, нэгъэсауэ лъэпкъым хуэзыгъэблэфын фIы ешIа псори Тхьэм дищI!

IУТIЫЖ Борис,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. 2007 гъэ

Гъунэгъу телъыджэ

ЕджапIэм сыкъикIыжу театрым къыщыгъэзэжам япэ дыдэу кьысIущIауэ щытар СулътIанщ. Театрым щIалэгъуалэ и машIэу, ещанэ студиер Москва ягъэкIуа къудейуэ арати, лжьыгъэм псынщIэу сыпэрыуващ.

СПЕКТАКЛЬ екIуэкIэм псынщIэ дыдэу сыхашэрт, щIэ ягъэувакъэми ролыншэ сыщыкхъуртэкъым. Мис а лъэхъэнэм гъэзэгугъэлъагъуэ, чэнджэщагъу, театрым и щэху мытхахэм нэIуасэ сахуэзыщIар СулътIант. Кьалэм фэтэр зэрыщызимыIэм кьыхэкIыу, кьуажэм кIуэр-кьэкIуэжу сылажьэрт.

Театр лжьыгъэр зэрыгъэщIэгъуэным хуэдэу, абы и ухуэкIэри мыдрейхэм ещхьтэкъым, пщэдджьжьым сыхьэтыр пщIым щIэбдзэрти сыхьэтитI хъуху репетицэт, абы иужькIэ пщыхьэщхьэ хъуху сыхьэттищ-плIыкIэ зыбгъэпсэхуртI, пщыхьэщхьэм кьуажэм яшэну систитхакъым укъурихьэлIажьэм хуейт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а зэман мащIэм сэ хуажэм сыкIуэжьифыртэкъыми, а сыхьэт зыщыпIплIэр есхьэкIыньмкIэ хуабжьу зыкъыщIигъэхъуащ СулътIанрэ. Езыхэри ехьэжьауэ мыпсэуми, зыщIэсыр «хрущёвкэ» пэщ цIыкIуитIми, зи цIыхунэ хъуртэкъым СулътIан и унагъуэр, апхуэдэ дыдэуи я Iэнэр ерыскъыншэтэкъым. Мызэ-мытIэу щызгъуэтащ абы щхьэегъэзэпIэ, гувауэ спектаклыр иухамэ, нэху сыкъышщригъэкIыуи щытащ. Репетицэ нэужьым дыкъанэрт театрми, си ролым зэгъусэу делэжьырт.

Лэжьыгъэм щыщIэбдза лъэхъэнэм зыкъыпщIэзыгъэкъуа цIыхур пщыгъупщ хъун-тIэ? ИужькIэ зэман докIри, сэри лжьыгъэм сыхэзэгъауэ, актёрыным нэмыщI режиссёрыними сыщыхьихьэм, япэ дыдэу згъэувар Иоселиани Отар и пьесэм кьытесщIыкIа спектаклыраги, дауи, СулътIан хэзгъэхьащ. Шэт Николай и пьесэ «Сыт и уасэ лъагъуныгъэр?» щызгъэувми, дызэздэлэжьащ икIи а спектаклым дыщызэдэджэгуащ.

Зэман докIри, фэтэр кьызат, СулътIан и бынунагъэр пэш зэв цIыкIуитIым кьыщIешри, зы унэ дыщIохуэ, дыщIэхуэ кьудей мыхъуу, зы кьатым дытохуэ, дэ унагъуитIым фIэкI темысу.

Мис абдежщ сэ кьыщызгурыIуар ГъунэгъуфI жьыхуаIэр зыхуэдэр. Унэ дызыщIэхуар артистхэмрэ дохутырхэмрэ ззадагъэшу арати, щэсхэри псынщIэу дызэрыщIыхури, «хьэблэ цIыкIу» зыфIэтщыжауэ дыпсэуащ. Гуп зэхэшэу, хьэблэ зэрыIыгъыу, дифIри ди Iейри зэрыщIэу дыпсэуным еIэлIар СулътIанрэ абы и щхьэгъусэ Русланэрэщ.

Хуабжьу здэкIуу, зыр зым щIэгъэкъуэн хуэхъуу я гъащIэ мащIэр здэхьащ а тIум, я псэхэр зэпэIэщIэу псэуфыну кьыщIэкIынтэкъыми, зэрагъэхьышхуэ щымыIэу, зэкIэлъэехьащ дунейм. Хьэблэр апхуэдизу а тIум зэрагъэIигъти, зыгуэрым кьишэмэ е ипхъу иригъашэмэ, а Iуэхугъуэм елIэлIэхэт езыхэм яIям хуэдэу, ЕгъэлеиуэI Iэтауэ, телевиденэмкIэ трахыу дгъэлъэпIащ унэр кьызэрыдатрэ илъэс 20 щрикъури, илъэс 25-рэ щыхьэри. ЗэрыгурыIуэгъэщи, абыхэм я зэхэублакIуэу щытари а тIурщ.

СИ ПСАЛЪЭМАКЪЫР гъунэгъум тезухуами, СулътIан и гуащIэми фIыуэ сыщыгъуаззу щытащ. ДжэгуакIуэшхуэм и зэфIэкIым, абы зэрызиужьым сфIэгъэщIэгъуэну сыкIэлъэпIырт, си лэжьыгъэми ар кьалэн кьысщищIыкIырти. Режиссёрхэм нэхъ кьагъэсэбэпу щытар СулътIан хэлъкомедийнэ зэфIэкIырт, уеблэмэ, образ дыкъэшхэну хъуар абы иратырт гугъу зрамыгъэхьын папщIэ. Актёр Iэзэм а ролыр кьызэрехьулэнур ящIэрти, театреплъхэм я гум зэрынэсын зэфIэкI зэриIэр кьагъэсэбэпырт. Ауэ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэмрэ» «Эдипмрэ» СулътIан щигъэзащIа образхэр тлъэгъуа иужькIэ, режиссёрхэми театреплъхэми кьагурыIуащ абы и кьэухьыр зэрыныр, узыгъэгупсысэ психологие драмэми, трагедиеми зэрыхуэIижьыр.

СулътIан и зэфIэкIхэр кьыщыгъэсэбэпа хъуащ радиомрэ телевиденэмрэ. Абы кьыбгъэдэкIа лэжьыгъэ куэд яIэщ «дыщэ фонд» жьыхуаIэм хэхуауэ. Къаздэхъум кууэ иджат, ищIэрт Щоджэнцыкlу Алийрэ КIыщокъуэ Алимрэ я IэдакъэщIэкIхэр. И кIэм нэс гулкIэ ищIэрт Алим и «Мадинэ» поэмэри, усакIуэшхуэм и тхыгъэхэм къытрищIыкIа композицэ игъэхьэзыращ «Зы актёрым и театр» жьыхуаIэхэм хуэдэу, икIи мурад ищIат абы щыгъуаз ищынэ республикэм курыт еджапIэу итыр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а мурад дахэр и кIэм хунэгъэсакъым, игъэлъэгъуэфар спектаклитхуц. «Мы узыр тIэкIу сщхьэщыкIмэ, уэрэ узигъусэу, республикэм и школ псори кьызэхткIухьынщ», - кьызжиIэгъат абы. Хьарзынэ хъунт, абы и лэжьэгъуу щыта нэхъ щIалэхэм я IуэхугъуэщIэр и кIэм нагъэсамэ. Сэ сыщыгъуаззщ а мурадми, си гуапэу сыдэгуэшэнт апхуэдэ гупыж зыщыпнухэм.

Куэд илэжьу щытащ икIи хуэзэфIэкIащ СулътIан хамэ къэрал щыIэ ди лъэпкъэгъуэхэм хуэгъэзауэ. Мызэ-мытIэу ар щыщащ адыгэ щыпсэу къэралхэм, яхуэзащ икIи зыщыщIэлъэгъуащ «Адыгэ Хасэ» куэдым. Хэкум къэкIуэжьынымкIэ зыбжанэм сэбэп яхуэхъащ, ахэр иджы унабл

Тхьэкъуахъуэ Іэуес и адыгэ бгъэхэІухэр

Илъэс зыбжанэ ипэкІэ Тхьэкъуахъуэ Іэуес адыгэ дамыгъэхэр зытет пасэрей хьэпшыпхэр зэхуихьэсын щІидзати, дихьэхри, езыми лъэпкъ бгъэхэІухэр иригъэщІ хъуащ. Абы ищІауэ щыІэщ Адыгэхэм я щыгъуэ-щІэж, Адыгэ тхыбзэм, Адыгэ ныпым, Адыгэхэм (шэрджэхэм) я махуэхэм, ди лъэпкъым игъэлъапІэ нэгъуэщІ махуэми я дамыгъэхэр зытет бгъэхэІу екІуэхэр. Апхуэдэуи абы шархэм адыгэ ныпхэр, зэрытхэ теградхэми адыгэ дамыгъэхэр трегъадзэ. Нобэ ди хьэщІэщ КъБР-м и Коллекционерхэм я зэгухьэныгъэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэт, хэкупсэ нэс зиІэ щІалэ Тхьэкъуахъуэ Іэуес.

● Цыху гъэщІэгъуэн

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

- «КъЭБЭРДЕЙР Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 ирокъу» стІолышцхэ медаль телъыджэр ялъэ къыщысІэрыхьам адыгэбзэкІи урысыбзэкІи тетхауэ зэрытетыр хуабжьу гъэщІэгъуэн сыщыхъуат. Іыхьэлейуэ сыщыгуфІыкІат совет зэманым и лъэхъэнэм адыгэбзэм апхуэдэ пщІэ лъагэ зэрыхуащІам. Ар къежьапІэ хуэхъури, адыгэбзэ зытет пасэрей дамыгъэхэм лъыхьуэн щІэздзащ. Абы лъандэрэ солъыхьэри, зыбжанэ фІэкІ згъуэтакъым. Апхуэдэщ Ялъ дунейпсо щІалэгъуалэ фестивалым и дамыгъэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм сигу кьаГэкІащ адыгэхэм я махуэ лъапІэхэм я щІыхь дамыгъэ щыкІухэр зэгъэщІыну. Зэман дакІмэ, сэ схуэдэу абыхэм щыгуфІыкІын, зыфІэгъэщІэгъуэнын зэрыщыІэнум фІэщхъуныгъэ кьысхелъхьэ, - жеІэ абы.

- Къэбэрдей уэрамыр илъэси 170-рэ щирикъум хуэгъэпсэ дамыгъэращ ялъэ егъэщІар. Дамыгъэм «Победа» кинотеатрым и сурэтыр тезгъэуващ. Кинотеатрыр мылэжьжми, зи щІалэгъуэми нэхьыжьхэми фІыуэ яцІыху щыпІащ ар. Абы иужькІэ Адыгэхэм я щыгъуэ-щІэж махуэм и дамыгъэр егъэщІат, адэкІэ адыгэм и махуэ лъапІэхэр къыкІэлъыкІуащ.

Ялъныкъуэ дамыгъэхэм я теплъэр Интернетым къысщыхащ, языныкъуэхэм ейр къэгупсысыни хуейтэкъым.

Ялъ дамыгъэр 2017 гъэм егъэщІауэ щытащ, абы яужь сыкъэувыІэжьыфакъым.

- Сызэрыщыгъуаз эмкІэ, зи щІыкІэр нэхъ тынш бгъэхэІу лІэужьыгуэхэр езым пщІыуэ зебгъэсащ...

- Пэжщ, лъэпкъым хуэгъэпса сурэт дахэхэр слъагъуэ, сощ. Абыхэм я щІыкІэкІэ гугъуэкъым, нэхъыщхьэр сурэтыр абы хуэкІуэу теплъхьэнырщ.

- Мыхэр зэрыщыІэр щІыхуэхэм я деж дауэ зэрынэпхьэсыр, щапІэ щхьэхуэ уиІэ?

- Дунейр зэщІэзыщта Инстаграммым напэкІуэщІ дыщиІэщ (numizmat07). Абдеж щыдогъэлъагъуэ, щыдощэ. КъищынэмыщІауэ, «Детский мир» тыкуэным деж щыт газет щапІэ щІыкІуми сыгурыІуауэ изот. Дыззэрыхуейм хуэзэу псынщІэу тхуэмыщэми, щІэупщІэ иІэщ. Сыхуейт щІалэгъуалэм мы дамыгъэхэр нэхьыбэу яІэрыхьэну, къызыхэкІа лъэпкъым и нагъыщэр унэм щызэрахьэу, лъэпкъ Іэхуэр зэрагъэкІуэтэным я гупсысэр хуэунэтІауэ псэуну. Быдэу си фІэщ мэхъу, зэман дакІмэ, мы дамыгъэхэр яфІэгъэщІэгъуэну кьызэралъыхьуэжьнур.

- КъищынэмыщІауэ, КъБР-м и Коллекционерхэм я зэгухьэныгъэм уэхтщ, щэч хэмылъу гъэтІылъыгъэ гъэщІэгъуэн Іэджэ уиІэ къыщІэкІынщ...

- ИлъэситІ хъууэ аращ а зэгухьэныгъэм сызэрыхэтри, коллекционеркІэ сызэджэжьну сфІэпасэщ. Ауэ щыхъукІэ, сэ зэрыжьІауэ, гъэтІылъыгъэ зыкъом сиІэщ. Нэхъыбэу зэхуэсхьэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа фэеплъэхрщ. Совет зэманым къыдэкІа бгъэхэІуэхэм щыщыу 1400-рэ зиІэ соцІыху, сэ сиІэр 600-м нэсщ. Коллекционерхэм бгъэхэІур къызыхэщІыкІа гъущІыкІэкІэ, и плъыфкІэ зэщхьэщагъэкІри зэтемыхуэу зэхуахьэс. КъищынэмыщІауэ сэ столышхьэ медалэхри сфІэфщ, 30-м щІигъу сиІэщ мы зэманкІэ. Пощт карточкэхэр, маркэхэр зэхуэхьэс, абы теухуауэ тхылъ пІащІэ цІыкІри къыдэзгъэкІащ. Письмоупъэхэм маркэ тетри темытри зэзгъэпэщри, абыхэм я теухуауэ ди тхылъ мыин дыдэ дунейм кьытезгъэхьащ.

- Уи гъэтІылъыгъэхэм ящыщу уи дежкІэ нэхъ лъапІэ дыдэм, ар зэрызыІэрыбгъэхьаныр и хъыбар къыджеІамэ арат.

- Коллекционерым имыІэ гуэр къыщыхэхъуэм деж, ехъулІэныгъэшхуэщ. Пэжым ухуеймэ, уасэншэу къызэлъыІэт адыгэбзэкІэ тету ялъэ къысІэрыхьа дамыгъэр. Псом нэхъ сфІэфри Къэбэрдей-Балъкъэрым, адыгэ лъэпкъым ехьэлІа лъэпщыпэхэрщ.

- Сыт хуэдэ дэрэжэгъуэ кьыпхалъхьэрэ а зэхуэпхьэс хьэпшыпхэм? Къару къуатрэ, гушхуэныгъэ кьыпхалъхьэрэ?

- Коллекционерым гупсэхуГуэ кьезытыр имыІэ гуэр къыхэхъуэныщІ (зэхуихьэсым елъытауэ). КъащІэтэж, а бгъэхэІу цІыкІуэхэр гъущІыкІэ пудщ къызысхущІкІар, ауэ щыхъукІи зэхуэпхьэсхэм къахэхъуа иужькІэ къызэрымыкІуэу уегъэгушхуэ, гурыфІыгъуэ ин къует. А дакъикъэм дамэ кьыптекІа хуэдэщ.

- Пасэрей хьэпшыпхэм я щІэупщІэри, уасэри махуэ къэскІэ нэхъ ин мэхъу. Ахэр зэхуэпхьэсынми мылъку лей токІуадэ. Абы и Іуэхукіэ дауэ ухъурэ?

- Дауи мы Іуэхур сомыншэу зэфІэкІыркъым. Ди республикэм щызмыгъэту хамэ кьэралхэм щащэу ИнтернеткІэ сызрихьэлІэ щыІэщи, Іэмал зэриІэкІэ, сызыпэлъэщ гуэрхэр кьызощэху. Си щхьэ закъуэкІэ Іуэхур кьызэмыхъулІэнкІи хъунт, акъылэгъу кьыздэхъу ныбжьэгъухэр симыІамэ. Зэрызыхъэсхьэсыр зыщІэхэм кьхъэзыти яхэтщ, ауэ, щэн хэмылъу, си сомы хьэлъхьэ. КъБР-м апхуэдэ зыбжанэ фІэкІа имылъу, дамыгъэ гъэщІэгъуэнхэр тыгъэ кьысхуищІащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъАХ-м и тхьэмадэ, нэхъыжьжьыфІ Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд. Іуэху кьепхьэжьамэ кьыздэсыІыгъ, кьыбдэзыГэпсынщІэ, узыунэтІу диІэ а лІым фІыщІэ лей хуэсщІыну сыхуейщ. «НэхъыжьжьфІ уасэншэщ»,- жаІэ. Мухьэмэд хуэдэ пэрыт дыщыкъыщІэу, дефІакІуэу дыпсэуну си гуапэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Жэпуэгъуэм и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыІэхэтащ уз зэрыщІалэхэм еІэзэ дохутырхэр я V зэІушІэ. Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм нэхъ хуэлъэ уз зэрыщІалэхэм теухуа щІэныгъэ-практикэ зэхуэсышхуэм кьрихьэлІат щІыпІэ зыбжанэм я лІыкІуэу дохутыр 200-м щІигъу.

- МЫ Іуэхум сэбэпышхуэ пылъщ, гъунэгъу щІыналъэхэм я дохутырхэр я узыфэхэм зэрелІэзэм, я кьэхутэныгъэхэм ятеухуауэ зэпсэлъэну, зэчэнджэщну Іэмал яГуэтри. ЗэлъщІэр гъэщІэгъуэну екІуэкІынущ, кьэпсэлъэнухэри дызытепсэлъыхьыныри куэд мэхъури. Абы кьыхэкІыу, зэхуэсыр щІэщыгъуэ хъуну, кьыфщхьэпэн кьыхэфхыну согугъэ, - кьыхиГэщащ КъБР-м узынщагъэр хъумэныкІэ и министр **Хъубий Марат**.

ЗэлъщІэм хэтащ Урысей Федерацэм Узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм Илъэ Федеральнэ округым щиІэ къудамэм узыфэ зэрыщІалэхэмкІэ и Іэщ-Іагъэлі нэхъыщхьэ, УФ-м щыІэ зиІэ и дохутыр **Городин Владимир**. Зэхуэсыр щыІэзэкаша Іуэхугъуэм и мы-хьэнэр кьыхагъэщІ кьэпсэлъащ Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым уз зэрыщІалэхэмкІэ и Іэщ-Іагъэлі нэхъыщхьэ, уз зэрыщІалэхэмрэ СПИД-мкІэ Налшык къалэ дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, профессор **Иуан Маринэрэ** КъБКъУ-м уз зэрыщІалэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ **Маржэхъу Мадинэрэ**.

Нэхъ пыухыкІауэ кьыхэфгъэщмэ, дохутырхэм гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ гепатит С-мрэ герпесымрэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Уз зэрыщІалэхэм еІэзэхэр зочэнджэщ

БЕТРОЖЬ Валерэ:

Удзхэмкіэ куэдым уапэлъэщынущ

«Узыри кьиГэщІри и хущхъуэгъуэри кьиГэщІыжащ», - жаІэ. Ауэ медицинэм изэхэщІэ, ар иджыри щыкъаруушэщ уз зэмылІэужьыгъуэхэм я пащхьэм - щІэныгъэр нэсакъым. Мыбдежми зэпэщІэуэныгъэхэр кьыщохьу: иджыри кьэс хущхъуэфІ дыдэу кьалЫытэу щытахэр Іэпкъэлъэпкъым и дежкІэ зэрану кьыщыщІидзыж щыІэщ. Іуэхур сэтей къэзыщІыр кьэхутэныгъэхэрщ - япэщІыкІэ куууэ яГэунэхун папщІэ зэман яхуримыкьыуэ кьыщІокІ. Псом хуэмыдэу синтетикэм кьыхэщІыкІахэм, химие реакцэм я Іэужьхэм екьэлІауэ. Къищынэмыщ1ауэ, статистикэм кьэзэритымкІэ, Урысейм щызекІуэ хущхъуэ псоми я Іыхьэ щанэр нэпщІщ, дзыхь яхуэпщІ мыхъуну. Ахэр икІи зэрыльапсэйр ящІыбгъужмэ, гурыІуэгъуэщ щыхуэхэм нэгъуэщІ кьэкІыпІэхэр кьыщІалъыхьэуэм и щхьэусыгъуэр. Куэдым кьыхах хъуащ «фитотерапие» жыхуаІэр, нэгъуэщІу жьыпІэмэ, удзхэм кьыхэщІыкІа хущхъуэхэр. Сэбэп кьыпхуэмыхьуми, апхуэдэхэм я зэран къокІынукъым. А Іуэхухэм хэт нэхъри нэхьыфІу щыгъуэзэщ кьэкІыгъэхэм кьыхищІыкІахэмкІэ илъэс 40 хьуауэ щІыхуэхэм еІэзэ Бетрожь Валерэ. Зэман зыбжанэ ипэкІэ абы ди газетыр тетхыльауэ щытащ, ауэ и лэжьыгъэр зыхуэдэр иджыри кьытхуиІуатамэ, лей хьуну ди гуГэкъым.

- Валерэ, уэ уи Іэщ1агъэкІэ удохутыр-къым, ауэ щІыхуэхэм уоІэзэ, сэ зэрыс-щІыкІэ, бгъэхъужкъэри яхэтщ. Кьыдэжеіэт абы и щхэр.

- Сэ сытетщ зэи сызытемыкІ хабзэм: сэбэп ухуэмыхьуфмэ, сымаджэм уи зэран иомыгъэкІ. СхуэзфІэмыхьныжьмкІэ зыри кьэзгъэзгъэрхъым. Хущхъуэхэр зэрызэхэсЫхьэ щІыкІэри зыми щызэбзыщІыкрыкъым. Дунейм кьытехьа иужь пІалъэ кІыхь дыдэкІэ щІыхум хущхъуэгъуэ закъуэу иІар кьэкІыГъэхэрщ, ахэращ псоми я кьежьапІэр, я лъабжьэр.

Мыри зыщыгъэгъупщэн хуейкьым: нитІыр зэрызэхэмыдэм хуэдэу, щІыхуэхэри зэхуэдэкъым, дэтхэнэ сымаджэми щхьэхуэу бгъэдыкьэн хуейщ и ныбжьым, и ІэпкъгъэпсыкІэ, и хьэлым, нэгъуэщІ куэдми тещІыхьауэ. ИтІанэ уцыІэнукъым.

- Іэзэгъуаз эхэр сыт щыгъуи щыІащ. Ауэ Совет Союзыр лъэпсэжу коммунист идеологиер Іуэкіуэта иужь уэрэ кьежьащ экстрасенсхэр, уи кьэкІуэнур кьэшІжьеІэфхэр, хэбгъэзыхьмэ, нэхъапэм таурыхьхэм хэту фІэкІа дымыщІыхуу щыта удхэр. ЦІыхуэхэр кьэнащ зыми дыхь хуамыщІыжу.

- КьыдгурыІуэ жьыпІэну узыхуейр. Ауэ укъызогъэгъуэ сэ пщыхьэщхьэм гъуэлъыжу Іэзэу нэху кьеІакІэм сазэрыщІмыщІмкІэ. Псори кьыщІежьар си сабиигъуэщІ. Губгъуэм, мэзым сиша иужь си адэм кудрэ сигъэлъагъуу щытащ удзхэр: дэтхэнэр сыткІэ сэбэпми кьызгуригъаІуэрт. Абыи ар кьыщищІар и адэм и дежщ - сэ си адэшхуэр уз зэмылІэужьыгъуэ дыдэхэм япэлъэщ Іэзэу Кьэбэрдей псом щыцІэрыІуэу щытащ, и хьэбар куэди кьэнащ. Арауи кьыщІэкІынущ сэ удз хущхъуэхэм зестынри кьызэхэкІар. Ауэ ар щІэдзапІэ кьудейт. Удз зэмылІэужьыгъуэхэм кьахэщІыкІахэмкІэ зэрыІэзэм щІэуаз зыхуэсщІын папщІэ сэ кьызэхэскІуахьащ Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм я мызакъуэу, Урысейм и щІэлъэныкъуэр, Украинэр, нэгъуэщІхэри. Тхылъ гуэрытІ гъуейхэр сыт щыгъуи кьызогъэсэбэп. Зэлымыууэ сакІэлъэлІ медицинэм щІэуэ кьыхьыхьэм. Арыншауи хьунукъым.

- Къарзынэщ. Иджы нэхъ щхьэтечу щызыубыда Зэкіуий Азэмэт. Зэпеуэм и финал зэпэщІэтыныгъэм абы щыхигъэщащ Красноярск щыщ Кондратов Александр.

Килограмм 74-м нэблагъэ зи хьэлъагъ Бищіо Тимур дыжьын медалыр къыхьащ. Иджыри зы «дыжьын» зыІэригъэхьащ Шэрий Иналбэч. Зи хьэлъагъэр килограмм 65-м нэблагъэхэм я кІэух зэщІщІэм 4:3-уэ абы къыщефІэкІащ красноярскдэс Жендаев Руслан.

Жэз медалыр иІыгъыу къэкІуэжащ Шаваев Малик (кг 79-м нэблагъэ). Финал цыкІум ар щытекІуащ Къардэн Ермак.

КЪЭХЪУН Бэч.

Текіуэныгъэхэр зэрахуэмыхъумэу къонэж

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Урожай» (Краснодар) - 1:1 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 5-м. Цыху 250-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Капленков (Мэзкуу), Тиракьянц (Дон Іус Ростов), Магомедов (Мэхьчкъалэ).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Дзэмыхь, Клышэ, Сындыку, Ольмезов, Хьэшыр, Салахетдинов, Іэпщагъэ (Ашу, 71), Шаваев (Стригэ, 395), Машэжь (Апажэ, 78), Бацэ (Пъэпщ, 87).

«**Урожай**»: Шевченкэ, Поликутин, Сидоров, Пысенкэ, Рыжков (Гомлешкэ, 85), Пахлеванян, Нестеренкэ (Тутник, 81), Воронкин, Марковов, Мелекесцев, Шульгин.

Топхэр дагъэкІащ: Бацэм, 45+1-пенальтикІэ (1:0). Мелекесцевым, 63 (1:1).

Дагъуэ кьыхуащІащ: Ольмезовым, Поликутиным, Ашум.

МАЗИПЛІ ипэкІэ Краснодар и «Урожай»-р ерыщу щІэбэнащ ялъэ дивизионым кІэуну. АрцІыхьэ Песчанокопскэ къуажэм и «Чайка»-м бжьыпэр фІиубыдри, и мурадкэр къызэпиудащ. А псом ищІыужкІэ зэІущІэ зэриухыну щыкІэм мылъкукІэ хэлъыфІыхьыну хущІэкъуауэ гурыщхъуэ ящІри, Новороссийск и «Черноморец»-м дэщІыгъу тезырхэр кьыгралъхьащ. Дауи, гугъэфІкэр хьэупсапІэу кьэнащ икІи ди лъахэгъу зыбжанэ зыхэта гупыр, етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и гъуащьауэ нэхъыфІ хъуа Къалмыкъ Амур я пашэу, зэбгрыщэщыжащ. Аращ зи зэраныр щІэзыдза зэхьэзэхуэм зэ закъуэ фІэкІа щытемыкІуаеу «Урожай»-р турнир таблицм и кІэух увыпІэкэм ящыщ зым кьэзырщыщхутар.

Налшык кьэкІуэным и пэ кьикуэу краснодардэсхэм я тренер нэхъыщхьэр яхьэжащ. А кьулыкъыр иджы зыхуагъэфэща Гордеев Андрей Іэзагъ ин бгъэдэлъщ икІи гупыр кьызэщІигъэуІуэн хуейт. Гурыуэгъуэт ди щІалэхэм зэІущІэ гугъу кьазэрыпэщылІыр.

«**Спартак-Налшыкым**» зэрихэзбэзу, иебгъэрыкІуэныгъэ пІэщІэкэмкІэ джагур иригъэжьащ. «Урожай»-р абы хуэхьэзырт икІи зыкъомрэ Іэзэу зихьэмэжьфащ. ЗэІущІэм и япэ Іыхьэр ихуагъэ щыкІагъуэ зэманращ хьэщІэхэр кьыщыдзыхар - ди щІалэхэр штрафной еуа иужькІэ, краснодардэхэм ящІщ зы топым Іэкіэ сащ. Пенальти! Ар, сыт щыгъуи хуэдэу, Іэкіуэлъакіуэу итъэщІащІ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и гъащьауэ нэхъ Іэзэхэм ящІщ зы Бацэ Къантемыр. Мы зэхьэзэхуэм ар епщІанэу къыщыщхъаныкІащ. Нэхьыбэрэ зыхуэзфІэкІар топ пщыкІуэ дзэзыгъэкІа Новороссийск и «Черноморец»-м и пашэ Дибиграджиев Джамалщ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькІи «Спартак-Налшык» нэхъ жыдэращ. Арауи, гугъэфІкэр хьэупсапІэу кьэнащ икІи ди лъахэгъу зыбжанэ зыхэта гупыр, етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и гъащьауэ нэхьыфІ хъуа Къалмыкъ Амур я пашэу, зэбгрыщэщыжащ. Аргуэру топ зэрыдамыгъэкІыным тегужьеиКІа «Урожай»-м сэбэп хуэхъуащ Ольмезов Артур. Абы и щыгъуэр къагъэсэбэпри, хьэщІэхэм бжьыгъэр зэхуэдэ ящІыжащ. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Ольмезовращ адрей джэгуГуэрми текІуэныгъэм дыхьэзыгъэкІыжар, Мейкъуапэ щыІэу топыр и гъуэм дигъэкІыжри.

ЗэІущІэр иуухыным сыхьэт ныкъуэм нэблагъэ кьэнэжа пэтми, «Спартак-Налшыкыр» «Урожай»-м и зыхъумэжныгъэм Іэщ1экІыфащ. Арати, джэгуГуэ пщыкІутІым ебланэу щызэрытегъэкъуакъым. АбыкІэ ди щІалэхэм кьапэхьун «Ипщэ» гупым зэкІэ хэткъым.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр зэрыщІыгъащ Астрахань и «Волгарь»-м. Абы очкоихкІэ зэкІэ кьыкІэрыхуми, ныкъуэкъуэгъу лъэщ кьыхуэхьуну фу тетщ ебланэу (!) зэкІэлъэхьэжьу текІуа Владикавказ и «Алания»-р.

Иджы щыгъуаз фЫхуэтщІынщі етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ щэбэтым зэхэта джэгуГуэм кьрикІуа бжьыгъэжм. Мис ахэр: «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Интер**» (Черкесск) - **3:2**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **3:0**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **2:0**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **3:0**, «**Анжи**» (Мэхьачкъалэ) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:1**, «**Легион-Динамо**» (Мэхьачкъалэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **0:1**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Мэхьэчкъалэ**» (Мэхьачкъалэ) - **1:0**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм хьэхьэкІэлъэныкъуэ зэІущІэр кьыхуэхьуну фу тетщ ебланэу (!) зэкІэлъэхьэжьу текІуа Владикавказ и «Алания»-р.

Иджы щыгъуаз фЫхуэтщІынщі етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ щэбэтым зэхэта джэгуГуэм кьрикІуа бжьыгъэжм. Мис ахэр: «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Интер**» (Черкесск) - **3:2**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **3:0**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **2:0**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **3:0**, «**Анжи**» (Мэхьэчкъалэ) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:1**, «**Легион-Динамо**» (Мэхьэчкъалэ) - «**Мэхьэчкъалэ**» (Мэхьэчкъалэ) - **1:0**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм зы Іэмали щаримыту, пщащэм текІуэныгъэ ильІ зыІэригъэхьауэ щытащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019-2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр						
Командхэр	**Дж.**	**Къ.**	**З.**	**ФІ.**	**Т.**	**О.**
1. «Волгарь»	**12**	**10**	**1**	**1**	**25-4**	**31**
2. «Алания»	**12**	**8**	**1**	**3**	**29-10**	**25**
3. «Черноморец»	12	7	3	2	28-12	24
4. «Дружба»	12	6	3	3	16-14	21
5. «Динамо-Ставрополь»	12	6	2	4	20-14	20
6. «Мэшыкъуэ-КМВ»	12	5	2	5	15-9	17
7. СКА	12	5	2	5	17-16	17
8. «Спартак-Налшык»	**12**	**3**	**7**	**2**	**17-19**	**16**
9. «Мэхъэчкъалэ»	12	4	3	5	9-13	15
10. «Биолог-Новокубанск»	12	3	5	4	9-11	14
11. «Легион Динамо»	12	3	4	5	8-18	13
12. «Анжи»	12	2	6	4	18-20	12
13. «Интер»	12	3	3	6	15-25	12
14. «Краснодар-3»	12	3	3	6	13-24	9
15. «Урожай»	12	1	5	6	10-23	8
16. «Спартак-Владикавказ»	**12**	**0**	**4**	**8**	**6-23**	**4**

● Тхэквондо

ПІэунейрэ Европэм и чемпион Бекъул Миланэ

Жэпуэгъуэм и пэщІэдзэхэм Валенсие кьалэм щекІуэкІащ. Тхэквондокіэ европэпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэрал 46-м икІа спортсменхэр. Урысейм и командэ кьыхэхам хэту Испаниеми щызэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ тхэквондоисти 4.

ЗэпеУЭХэМ я ялъэ махуэм утыку кьихьащ ди лъэпкъэгъу Бекъул Миланэ. ЗэІущІиплІ иригъэщекІэкІам, и хьэрэуэрэгъуэм зы Іэмали щаримыту, пщащэм текІуэныгъэ ильІ зыІэригъэхьауэ щытащ.

Ди щІалэхэм ящыщу АхъмэТ Дамир жэз медалыр кьихьащ. Нэхъапэ Іуэхіэ дунейпсо зэхьэзэхуэм абы дыжьын медалыр щызыІэригъэхьауэ щытащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Саугъэт нэхъыщхьэр зыІэрегъэхьэ

Фокіадэм и 27-28-хэм Владикавказ къалэм щекІуэкІащ бэнэкІэ хуитымкІэ Гусов Юрий фэеплъ хуащІа дунейпсо зэхьэзэхуэ. КъищынэмыщІауэ, абы кьыщагъэльагъуэ зэфІэкІхэм ялъэ икІи иткІэ зэхагъэувэнщ зи ныбжьыр илъэс 23-рэ иримыкъуахэм я европэ зэхьэзэхуэм хэтыну Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхар.

КЪЫХэГЪэщЫпХЪЭЩ, адрей саугъэтхэм ящІэкІуэу зэхьэзэхуэм щытекІуа бэнакІэу нэхъыфІищым автомобилхэр зэрыхуагъэфэщар. Абыхэм ящыщ зыр кьыльысащ зи хьэльагъэр килограмм 86-м нэблагъэхэм я гупым пашэныгъэр щІэзыубыда Зэкіуий Азэмэт. Зэпеуэм и финал зэпэщІэтыныгъэм абы щыхигъэщащ Красноярск щыщ Кондратов Александр.

Килограмм 74-м нэблагъэ зи хьэлъагъ Бищіо Тимур дыжьын медалыр къыхьащ. Иджыри зы «дыжьын» зыІэригъэхьащ Шэрий Иналбэч. Зи хьэлъагъэр килограмм 65-м нэблагъэхэм я кІэух зэщІщІэм 4:3-уэ абы къыщефІэкІащ красноярскдэс Жендаев Руслан.

Жэз медалыр иІыгъыу къэкІуэжащ Шаваев Малик (кг 79-м нэблагъэ). Финал цыкІум ар щытекІуащ Къардэн Ермак.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖЬэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (экуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпащ1эу Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхэщ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; экуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэн - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдыгъэзэм и 19-м Печатным и хуитынымрэ хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щыпечатащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъу Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бецэ Оксанэ, Мэлбахьэу Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьазыращ.

Газетым Іэ тралдэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытралдэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.055 ● Заказ №905